

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Média sosial mangrupa *platform* média *online* anu bisa ngahubungkeun papada jalma boh nu wanoh boh nu teu waranoh, ku ayana média sosial unggal jalma bisa silih kirim poto, vidio, audio, jsb. (Triastuti & Prabowo, spk., 2017). Média sosial mangrupa média nu geus nyobat dalit pisan jeung masarakat jaman kiwari, ti mimiti budak nepi ka kolot pasti wanoh kana média sosial. Ku ngagunakeun média sosial urang bisa komunikasi jeung dulur atawa deungeun-deungeun anu sumebar di unggal daérah. Ayeuna mah urang ogé bisa ningali rupa-rupa kahirupan masarakat di Indonésia nepi ka masarakat di nagri luar sabab kagiatan sapopoéna atawa kagiatan-kagiatan séjénna ngahaja dirékam pikeun dipublikasi dina média sosial. Luyu jeung pamadegan Ayun (2015) yén média sosial téh nyababkeun parobahan budaya nyaéta pamakéna anu jadi teu sungkan deui ngunggah sagala kagiatan pribadina kana média sosial.

Média sosial téh rupa-rupa di antarana nyaéta *instagram*, *facebook*, *twitter*, *youtube*, *TikTok*, *whatsapp*, *line*, jrrd. Salasahiji média sosial nu dipikagandrung ku masarakat jaman kiwari téh nyaéta média sosial *TikTok*. Saluyu jeung pamadegan Putri (dina Isma, 2021) yén *TikTok* téh salasahiji aplikasi nu dipikagandrung tur pangpopulérna saalam dunya. *TikTok* mangrupa aplikasi pikeun nyieun vidio pondok, sarta miboga rupa-rupa *fitur* anu gampang diaksésna. *Fitur-fitur* dina *TikTok* téh babari, praktis jeung unik (Madhani, 2021). *Sindrom TikTok* istilah nalika masarakat dédengéun jeung deungdeuleueun kana kontén-kontén *TikTok* anu *viral*. Éta masarakat téh kacida raresepna nalika nurutan kontén-kontén saperti ngahaleuang, ngibing, *impersonate*, ogé masih réa kontén-kontén nu séjénna.

Kontén-kontén nu aya dina *TikTok* téh teu salawasna ngeunaan hiburan wungkul, tapi aya ogé anu patali jeung kaagamaan, budaya, olahraga, sarta masih réa jenis kontén anu séjénna kaasup kontén-kontén ngeunaan pangajaran. Nalika harita di taun 2019 aya pandemi *covid-19* nu karandapan ku alam dunya kaasup Indonésia, sistem pangajaran téh jadi serba digital. *TikTok* kaasup kana aplikasi nu dipaké pikeun pangajaran di sakola. Luyu jeung pamadegan Devi (2022) yén *TikTok* téh salasahiji aplikasi pikeun midangkeun kontén vidio singget anu matak

ngirut siswa dina diajar rupa-rupa matéri pangajaran. Salasahiji kontén anu aya dina *TikTok* téh nyaéta kontén maca warta, teu saeutik kontén maca warta dina basa Sunda anu bisa dimangpaatkeun sacara maksimal ku siswa pikeun pangajaran maca warta di sakola. Tapi kanyataanana di lapangan nalika aya prakték pangajaran hususna prakték maca warta, siswa téh teu walantér sarta can apal kumaha téhnik maca warta anu hadé. Luyu jeung pamadegan Nurpiansari (2020) yén siswa ngarasa éra nalika dititah midang di hareupeun kelas, sabab teu saeutik siswa nu ngarasa baluweng dina téhnik maca warta nu hadé tur merenah. Kitu deui dumasar wawancara jeung guru Basa Sunda di SMPN 40 Bandung yén pangajaran warta di kelas VIII di SMPN 40 Bandung can nepi kana prakték macana, sabab can aya média pikeun ngalatih siswa sangkan bisa maca warta kalawan maké téhnik anu hadé.

Warta téh eusina ngeunaan informasi anu aktual, faktual, sarta ditepikeun ku cara nu matak ngirut pamiarsa. Luyu jeung pamadegan Sidlow, F. & Stephens, (2022) yén warta mangrupa hiji kajadian anu mampuh ngirut jeung nyieun panasaran jalma réa. Téhnik dina maca warta nyaéta maca bedas anu tangtu bakal ngabutuhkeun koordinasi tina sababaraha unsur dina awak. Saperti nu ditétélakeun ku Moulton (1970) yén dina maca bedas mah salian ti titingalian jeung ingetan, *auditory memory* (ingetan tina pangrungu) sarta *motor memory* (ingetan anu ngabutuhkeun koordinasi tina otot-otot urang) ogé milu aktif. Dina maca warta kudu merhatikeun téhnik-téhnikna, saperti lentong kalimah anu naék turun luyu jeung randegan kalimahna, témpona anu ulah gancang teuing atawa alon teuing, artikulasina kudu béntés, sarta éksprésina ulah katingali maca téks jeung ulah geumpeur. Éta hal saluyu jeung udagan dina pangajaran maca warta kelas VIII SMP nu kaunggel dina KD 4: *mengekspresikan teks warta (berita) dengan memperhatikan irama/tempo, artikulasi, dan lentong kalimah* (Lokal, 2017).

Ku sabab kagiatan maca warta téh aya dina pangajaran di sakola, ku kituna dina prosés diajarna kudu pikaresepeun sangkan siswa kairut pikeun diajar maca warta, jadi apal kana warta Sunda tur diajar wantér nalika macana kalawan maké téhnik maca warta anu hadé tur merenah. Nilik kana tujuan nu kudu dihontal dina pangajaran maca warta, dibutuhkeun média pangajaran sangkan bisa ngahontal kana éta tujuan pangajaran maca warta. Ngagunakeun média pangajaran jadi

salasahiji tarékah guru sangkan dina prosés diajar bisa éféktif tur leuwih maham kana matéri ajar, pangaruh tina média pangajaran nyaéta pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa sangkan hasil diajar leuwih maksimal (Riyana, 2012).

Lian ti média pangajaran salaku pakakas pikeun ngabantuan prosés pangajaran maca warta sangkan leuwih éféktif, dina léngkah-léngkah pangajaranana ogé dibarung ku modél pangajaran sangkan prosés pangajaram leuwih éfisién. Modél pangajaran anu digunakeunana nyaéta modél pangajaran *PjBL (Project Based Learning)*, hiji modél pangajaran anu berbasis proyék dina prosés pangajaranana (Ayukanti, 2017).

Tujuan dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji hiji modél pangajaran binarung média pangajaran anu bisa ngirut siswa sangkan leuwih wantér nalika maca warta kalawan ngagunakeun téhnik maca warta anu hadé tur merenah, bisa digunakeun kalawan babari ku siswa sarta luyu jeung karakteristik siswa jaman kiwari. Éta modél binarung média pangajaran nu dimaksud ku panalungtik téh nyaéta modél pangajaran *PjBL* binarung média sosial *TikTok*. Ayana pangajaran hususna prakték maca warta dina *TikTok* bisa ngamotivasi siswa pikeun ngeuyeuban postingan dina *TikTok* ku kontén-kontén pangajaran anu positif sarta pikaresepeun.

Ku kituna panalungtikan anu dijudulan “Modél *PjBL* binarung Média Sosial *TikTok* dina Pangajaran Maca Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII H SMPN 40 Bandung Taun Ajar 2022/2023)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu dipedar di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina pangajaran maca warta saméméh ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*?
- b. Kumaha kamampuh siswa kelas kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina pangajaran maca warta sabada ngalarapkeun modél *PjBL* média sosial *TikTok*?
- c. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina pangajaran maca warta saméméh jeung sabada ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal nyaéta nguji modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* naha éféktif atawa henteu pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maca warta.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina pangajaran maca warta saméméh ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*;
- b. kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina pangajaran maca warta sabada ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*; jeung
- c. bédana kamampuh siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung dina pangajaran maca warta saméméh jeung sabada ngalarapkeun modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan pangajaran maca warta tur modél jeung média pangajaran nu bisa digunakeunana nyaéta modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok*. Hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi ku guru dina ngagunakeun média sosial utamana média sosial *TikTok* pikeun pangajaran di sakola, hususna dina pangajaran maca warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat praktis ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Mangpaat pikeun Siswa

Siswa dipiharep bisa leuwih kairut pikeun diajar maca warta sarta leuwih wantér dina macana kalawan ngagunakeun téhnik maca warta anu hadé tur merenah. Siswa dipiharep sangkan sumanget ngagunakeun média sosial pikeun kontén-kontén anu leuwih positif hususna dina widang pangajaran.

- b. Mangpaat pikeun Guru

Guru bisa ngamangpaatkeun vidio-vidio maca warta nu aya dina média sosial *TikTok* pikeun pangajaran maca warta di sakola, sarta kainspirasi ngagunakeun média sosial *TikTok* pikeun matéri pangajaran séjénna kalawan maké métode sarta téhnik anu tepat sangkan ngurangan kahariwang guru saupama siswa jadi teu fokus nalika ngagunakeun média sosial *TikTok* pikeun pangajaran di sakola.

c. Mangpaat pikeun Panalungtik

Nambahan pangaweruh ngeunaan modél jeung média pangajaran anu hadé pikeun pangajaran maca warta di sakola, sarta leuwih sumanget pikeun ngeuyeuban média sosial ku kontén-kontén anu positif hususna dina widang pangajaran di sakola.

d. Mangpaat pikeun Masarakat

Masarakat hususna masarakat Sunda bisa nyangking informasi dina média sosial *TikTok* nu ngagunakeun basa Sunda, nambahan hiburan ku reueusna kana kontén-kontén nu ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur merenah. Ngurangan kahariwang masarakat ka barudak jaman kiwari nu ngagunakeun média sosial *TikTok* pikeun kagiatan nu kurang positif.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan baris dipidangkeun dina wangun skripsi anu ngawengku lima bab di jeron. Anapon raraga tulisanna disusun saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta nu pamungkas nyaéta sistematika skripsi.

Bab II ulikan tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir, eusina medar ngeunaan ulikan tiori média pangajaran, média sosial, modél pangajaran, modél pangajaran *PjBL*, pangajaran maca warta, pangajaran maca warta dina kurikulum 2013 revisi 2017, jeung pangajaran maca warta dina média sosial *TikTok*. Pedaran satuluyna nyaéta panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III métode panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran, eusina medar ngeunaan hasil analisis jeung déskripsi tina panalungtikan nu dilakukeun nyaéta modél *PjBL* binarung média sosial *TikTok* dina pangajaran maca warta studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas VIII H SMPN 40 Bandung taun ajar 2022/2023.

Bab V kacindekan jeung saran, eusina medar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.